АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№26 (10020)

РУЗМАН

1 июль 2022 сон

2 ЗУЛЬ-ХIИДЖА 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ СУРАКЪАТ АСИЯТИЛОВАС 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Гьидалъа магIарулав, Дагъистаналъул гъалбацI




**Суракъат Асиятилов - машгьурав политик, гIалимчи, спортсмен. Гьелдаго цадахъ философ, унго-унгояв магIарулав, жамгIияв цевехъан, гIакъилчи, халкъияв депутат. Суракъатил цIар даимго хъван буго Дагъистаналъул тарихалда. Дагъистаналъул тарих ва Суракъат ХIавалович цоцадаса тIей гьечIеб бутIа буго.**

Аби буго гIасруялда жанив вижулин цо-цо инсан жиндир хIакъалъулъ наслабаз бицен гьабизе вугевилан. КIиго гIасруялда гьоркьов жиндир цIар борхатго ккурав, заманалъул сверелабаздаса киданиги таричIев Суракъатил хIакъалъулъ риччана къватIире тIахьал, хъвана гIелмиял хIалтIаби. Суракъатица жиндицаго риччараздаса руго «Гидатль-талисман мой и совесть моя», «Наркомания –зловещее чудовище», «Спасения Дагестана в исламе», «Ислам и террор несовместимы» ва цогидал тIахьал.

Суракъат ХIавалович цIубарав политиклъун вахъана улкаялъе бищун захIматал саназ. Перестройкаялъ биххизабураб гучаб улкаги, гьерсалгун хиянатлъиялъул цIурал политикалги, ричун росулел улкаялъул къанунал цIуниялъе тарал тIадчагIиги, бикъа-хъами гурони лъаларел хIакимзабиги ханлъуда ругеб мехалъ, цIалеб хIухьелгIанги къваригIун вукIана халкъалъе Суракъат гIадав цевехъан.

Гьелдалъун, Суракъат Асиятилов щуго болжазда тIатIалаго вищана Халкъияб Собраниялъул депутатлъун. Гьес нухмалъи гьабулеб букIарал миллатазда ва диниял идарабазда гьоркьосел ишазул Комитеталъул хIалтIи букIана бищун захIматаб. СССРго гIадин щущахъ биххиялъул хIинкъиялде ккун букIана гIагараб Дагъистанги. Халкъ божулеб букIана Суракъатил щибаб рагIуда, щай гурелъул, гьес тIубазе кIолареб жо абулеб букIинчIолъиялъ. Суракъат ХIаваловичас кIудияб бутIа лъуна жакъасеб Дагъистаналъул Конституция гIуцIиялъулъ. Жакъасеб Дагъистан республикаялъул байрахъалъул тIасияб рахъалда бугеб гIурччинаб кьер Суракъатил бажариялдалъун бачIараб буго.

**(Ахир 3-леб гьум.)**

■ АДМИНИСТРАТИВНЫЕ ДЕЛА

МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ
«ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»
РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
с.Хебда, ул. Имама Шамиля–50.. тел. 2-22-99, 2-22-96,
факс 2-22-27, shamilrayon@e-dag.ru

от «21» июня 2022 года     № 60

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

«Об утверждении плана мероприятий («дорожная карта») «Повышение значений показателей доступности для инвалидов объектов и услуг в установленных сферах деятельности (2022-2025 годы) в МО «Шамильский район»

Руководствуясь Федеральным законом от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», в целях реализации пункта 1 части 4 статьи 26 Федерального закона от 01.12.2014 г. № 419-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам социальной защиты инвалидов в связи с ратификацией Конвенции о правах инвалидов» и в соответствии с пунктом 3 постановления Правительства Российской Федерации от 17.06.2015 г. № 599 «О порядке и сроках разработки федеральными органами исполнительной власти, органами исполнительной власти субъектов Российской Федерации, органами местного самоуправления мероприятий по повышению значений показателей доступности для инвалидов объектов и услуг в установленных сферах деятельности», администрация муниципального образования «Шамильский район» постановляет:

1. Утвердить прилагаемый План мероприятий («дорожную карту») «Повышение значений показателей доступности для инвалидов объектов и услуг в установленных сферах деятельности (2022-2025 годы)» (далее - «дорожная карта»).

2.Ответственным исполнителям обеспечить выполнение мероприятий «дорожной карты» ежеквартально до 15 числа месяца, следующего за отчетным, представлять в Министерство труда и социального развития Республики Дагестан информацию о ходе реализации мероприятий «дорожной карты».

3. Опубликовать настоящее постановление в газете «Единство» и на официальном сайте администрации МО «Шамильский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

4. Настоящее постановление вступает в силу с момента официального опубликования.

5.Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой, заместитель главы администрации Магомедов К.И.

**Глава МО «Шамильский район»     М.И.Гасанов**

**(Приложение 60 к постановлению на 2 стр.)**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ХIабибасул ракьалде - рагьарал нухал!

**Арал саназ коронавирус сабаблъун нилъер халкъазе ккарал гьукъиязулги балагьазулги бищун бусурбабазе захIматаблъун букIана хIеж борхизе Макка-Мадинаялъул ракьазде гьукъи.**

2019 соналъ хIеж борхизе щвана 2.4 млн зияратчи, амма 2020-2021 соназ Covid-I9 багъарун, гьукъана бусурбаби Аварагасул (с.гI.в.с.) ракьалде, дагьаб къадар хутIизегIан. Унти тIибитIиялда букIараб хIинкъиялъ, 2020 соналъ риччана 10азарго чи, 2021 соналъ 60азарго чи.

ТIубанго исламалъул тарихалда жаниб рагъаз ва эпидемияз (холера, чума, коронавирус) хIежалде гьукъана 40 нухалъ.

АльхIамдулиллагь, 2022 сон зиярваталъ ине ният букIаразул мурад тIубараблъун ккана. 20 июналдаса байбихьун Дагъистаналдаса хIажизаби баракатаб сапаралъ къокъана.

Санайилго гIадин гIемерав чи хIежалде щвезе квербакъана Россиялъул предприниматель ва политик, Дербенталдаса Сулейман Керимовас. Сапаралъул багьабиги исана цереккуналда данде гIемерго цIикIкIун ругониги, Дагъистаналдаса азарго чиясе путевка кьуна Сулейман Керимовас. ХIежалде ине рес гьечIезе ва цониги нухалъ гьенире щвечIезе бихьизабун



букIана гьеб кумек. Путевкаби мустахIикъазе щвезаризе С.Керимовас тана ДРялъул Муфтияталъул ихтиялда. Нилъер районалдаса чIобогояб хIеж исана щвана 8 чиясе, гьел ккола можоро тIамун бергьарал.

Сапаралъ аразе нухал ритIайги, хIеж мухIканго рагIалде бахъинабизе къуватги сахлъиги кьеги Аллагьас.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТІАЯЛДА

# ЕГЭ ва ОГЭ гІуцІадго ана




**Исанасел 9-абилел ва 11-абилел классазул цІалдохъабаз кьуна ЕГЭ ва ОГЭ. Гьел экзаменазул аслиял къоял байбихьана 23 маялда ва ахирисеб 15 июналда лъугІана. Экзаменал гІуцІадго иналъе кІудияб хІадурлъиялъул хІалтІи тІобитІун букІана. Чанго нухалъ гьаруна хІалбихьиялъул экзаменал, ккезе бегьулел гъалатІазда тІад хІалтІана.**

Экзаменал низамалда тІоритІиялда хадур халгьабизе рачІун рукІана пачалихъияб экзаменалъулаб комиссиялъул членал, федералиял экспертал, Рособрнадзоралъул ва жамгІиял халгьабиялъул къокъаялъул вакилзаби. Лъабго къоялъ тІатІалаго ЕГЭ ва ОГЭ кьолел къояз нилъехъе ячІун йикІана ДГУялъул ректорасул кумекчІужу Арефьева Лариса Викторовна. «Шамил районалъул цІалдохъабаз ЕГЭ кьолеб пункт рикІкІине бегьула бищун мисалияздаса цояблъун. ЦІалдохъабазе чІезарун руго киналго шартІал. Кибниги республикаялда гьечІеблъун буго щивав цІалдохъанасухъе лъел шушби кьолеб гІадат. Дица баркала загьир гьабулеб буго школалъул директор ГІали ГІалиевичасе, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тІуралев Ильяс ХІусейновасе, ЕГЭ пункталъул нухмалъулев ХІусейн ГІубайдулаевичасе, техническиял специалистазе, медицинаялъул хІалтІухъабазе ва киналго организаторазе. ТІабигІатго гІадин гІамал берцинал руго нужер киналго гІадамал.»-ян абуна экзаменаздаса хадуб Лариса Викторовналъ.

Гьединго, ЕГЭ тІобитІиялъе кІудияб къимат кьуна федералияй эксперт Марта Сахелашвилиялъ. «Экзамен байбихьана ва лъугІана жиндир заманалда. Экзамен тІобитІулеб команда букІана лъикІ хІадурараб. Цоniги гІунгутІи ккечІого экзаменал тІоритІи бараб букІана гьезда. Гьарула киналго цІалдохъабазе лъикІал баллал ва анищ бугеб ВУЗалде цІализе рорчІизе икъбал»ян абуна Марта Геловналъ.

ОГЭялъул киналго экзаменазул хІасилал лъалел руго. ЦІалдохъабазул цІикІкІарасез рихьизаруна лъикІал хІасилал, амма руго экзаменал кьезе бажаричІелги. Гьез такрарго экзаменал кьезе руго нахърателалъе рихьизарурал къояз.

ЕГЭялъул хІасилал араб соналде данде ккун лъикІал руго. ГІурус мацІалъе яги математикаялъе кІиййилаб къимат щварал лъималаз гьеб цойги нухалъ кьезе ккола. Гьел кьечІого гьоркьохъеб лъай щвеялъул аттестат кьоларо.

ЕГЭялъул бергьарал хІасилал рихьизариялъул шартІ буго экзаменазе тІадчІун хІадурлъи. Экзаменалда щварал баллазда рази гьечІезе рес буго апелляциялде кьезе. Исанаги гьеб тІобитІизе буго ХІебда школалда видеоялъул кумекалдалъун.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ АДМИНИСТРАТИВНЫЕ ДЕЛА

**Приложение №60 к постановлению главы**
**МО «Шамильский район»**
**от «21» июня 2022 г. №60**

**План**
**мероприятий («дорожная карта») «Повышение значений показателей доступности для инвалидов объектов и услуг в установленных сферах деятельности (2022-2025 годы) в МО «Шамильский район».**

I. Обоснование целей обеспечения доступности для инвалидов объектов и услуг, а также мероприятий по их достижению в установленные сроки

План мероприятий («дорожная карта») «Повышение значений показателей доступности для инвалидов объектов и услуг в установленных сферах деятельности (2022-2025 годы) в МО «Шамильский район» (далее - «дорожная карта») разработан в соответствии с:

Конвенцией о правах инвалидов;

Федеральным законом от 24 ноября 1995 г. №181-ФЗ «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации»;

Федеральным законом от 1 декабря 2014 г. №419-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам социальной защиты инвалидов в связи с ратификацией Конвенции о правах инвалидов»;

постановлением Правительства Российской Федерации от 17 июня 2015 г. №599 «О порядке и сроках разработки федеральными органами исполнительной власти, органами исполнительной власти субъектов Российской Федерации, органами местного самоуправления мероприятий по повышению значений показателей доступности для инвалидов объектов и услуг в установленных сферах деятельности»;

поручением Председателя Правительства Российской Федерации Д.А. Медведева от 12 декабря 2014 г. №ДМ-П12-9175;

методическим пособием «Основные нормы законодательных и иных нормативных правовых актов, государственных стандартов, сводов, правил, строительных норм и правил, санитарных *Норм по вопросам обеспечения условий доступности для инвалидов услуг и объектов, на которые предоставляются услуги», направленным Министерством труда и социальной защиты Российской Федерации (письмо от 17 марта 2015 г. № 13-6/10/П-1369).

Основной целью разработки «дорожной карты» является обеспечение беспрепятственного доступа к приоритетным объектам и услугам в приоритетных сферах жизнедеятельности инвалидов и других маломобильных

групп населения (людей, испытывающих затруднения при самостоятельном передвижении, получении услуг, необходимой информации) (далее - МГН) на территории МО «Шамильский район».

В МО «Шамильский район» в настоящее время проживает около 4096 инвалидов (из них более 356 - дети-инвалиды).

Формирование доступной для инвалидов среды жизнедеятельности является одной из приоритетных задач социально-экономического развития МО «Шамильский район». Устранение существующих барьеров для инвалидов во всех сферах их жизнедеятельности является важной социальной задачей.

Многие объекты социальной инфраструктуры не соответствуют требованиям строительных норм и правил по обеспечению доступности для инвалидов и других МГН: отсутствие пандусных съездов, узкие дверные проемы, наличие высоких порогов, необорудованные зоны оказания услуг и санитарно-гигиенические помещения.

Систему социальной защиты населения МО «Шамильский район» составляют центр занятости населения, управление социальной защиты населения и учреждение социального обслуживания населения, размещающихся в 3 зданиях. Из них только 60 процентов объектов (от общей численности) условно доступны или частично доступны для всех категорий инвалидов (доступны специально выделенные зоны и участки объектов, созданы адаптированные места приема граждан).

Аналогичная ситуация складывается и в других социальных отраслях. В системе здравоохранения в МО «Шамильский район» объекты оборудованы специальными устройствами для инвалидов (пандусными съездами, поручнями, перилами, подъемными лифтами).

В большей части зданий учреждений санитарно-гигиенические зоны не оснащены вспомогательными средствами для обслуживания инвалидов. Кроме того, остается актуальной проблема оснащения учреждений здравоохранения реабилитационным оборудованием, адаптированным для инвалидов, с целью повышения доступности и качества предоставления услуг.

Анализ работы в сфере образования инвалидов позволил выявить следующие проблемы:

недостаток специального оборудования для обучения инвалидов и детей-инвалидов;

отсутствие системы переподготовки педагогических кадров специальных (коррекционных) образовательных учреждений;

недостаточная адаптированность инфраструктуры образовательных учреждений для инвалидов;

необходимость открытия специального (коррекционного) учреждения VI вида для детей с заболеванием опорно-двигательного аппарата, V вида - для учащихся с тяжелыми нарушениями речи.

Доля инвалидов, занимающихся физической культурой и спортом, относительно общей численности данной категории населения в городе составляет 0 процентов. Нулевой уровень данного показателя связан как с низкой обеспеченностью муниципального образования спортивными объектами в целом, так и с отсутствием спортивных сооружений, приспособленных для занятий инвалидов.

Персональный доступ граждан с ограниченными возможностями к объектам культурного наследия в большинстве случаев обеспечивается сотрудниками учреждений культуры ввиду отсутствия специальных технических приспособлений. В связи с этим необходимо внедрять в практику работы учреждений культуры адаптивные технологии, позволяющие обеспечить свободный доступ инвалидов к информационным ресурсам в целях их социальной интеграции в общество.

Решение задач по обеспечению доступной среды жизнедеятельности для инвалидов в Республике Дагестан представляется целесообразным путем проведения комплекса мероприятий, взаимосвязанных по конкретным целям, ресурсам, срокам реализации и исполнителям, обеспечивающих системный подход к решению проблем инвалидов программно-целевым методом как наиболее эффективным в социальной интеграции и реабилитации инвалидов. «Дорожная карта» призвана обеспечить комплексный подход в реализации мероприятий по повышению значений показателей доступности объектов социальной инфраструктуры: здравоохранения, образования, социальной защиты населения, физической культуры и спорта, культуры, а также транспортной инфраструктуры.

«Дорожной картой» предусмотрена реализация мер по устранению сохраняющихся барьеров, препятствующих повышению доступности и расширению спектра социальных услуг для всех категорий инвалидов и МГН, а также по оборудованию учреждений здравоохранения приспособлениями, устраняющими барьеры на пути следования инвалидов и других МГН при посещении данных учреждений (установка пандусов, поручней, подъемных устройств, расширение дверных проемов, приспособление путей движения внутри зданий для инвалидов с нарушением опорно-двигательного аппарата и инвалидов, передвигающихся на креслах-каталках, средств ориентации для инвалидов по зрению и инвалидов по слуху).

**Глава МО**
**«Шамильский район»** **М.И.Гасанов**

■ СУРАКЪАТ АСИЯТИЛОВАС 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Гьидалъа магIарулав, Дагъистаналъул гъалбацI




(Байбихьи 1-себ гьум.)

Эркенаб Гьидалъ гьавурав ва гIурав Суракъатие кидаго рихараблъун букIана инсанасул ихтиярал хвезариялъул хIужжаби. Гьеб букIана жиндиего гьитIинго щвараб тарбиялъул аслу. Жиндирго «Гьидалъ- дир намус ва дир сабаб» абураб тIехьалда гьес хъвалеб буго: «Нижер хъизамалда цIакъ чIухIула умумуздаса. Дир эмен ГIасиятилов ХIавал вукIана, умумулго гIадин эркенав ва лъиданиги гIумру бачIев чи. Гьесул «унго –унгояв бихьинчияс жинцаго тIуразаризе ккола жиндирго масъалаби» -ян абурал рагIаби жеги рагIула дир гIундузда»-ян.

Суракъатица рагьана Дагъистаналъул спортсменазе гIатIидаб нух. Университеталда цIалулел соназ Суракъатие щвана РСФСРалъул ва СССРалъул эркенаб гугариялъул ва самбоялъул киналго тIадегIанал шапакъатал. Гьес бергьенлъи босана доб мехалъ цIар рагIарал спортсменал Дзароев, Кулаев, Кикнадзиялдаса тIад. Гьесдаса байбихьана Дагъистаналъул спорталъул цебетIей. ХIатта, Суракъат Асиятиловас абулаан: «Дица киданиги рикIкIунароан спорт дир гIумруялъул аслияб ишлъун». ГIадатияб магIарул хъизамалда гьаврав гьес жинцаго кьезе кколаан жиндирго жаваб, жиндирго чорхол къуваталда божун. Гьединлъидал, гьес гьитIинаб къоялдаса нахъе лъадарана жиндирго яхIги черхги. Тренеразул кумек гьечIого цеве вахъунев вукIиналъ, гьесда «гIалхул гугарухъаниланги» абулаан. Суракъат Асиятилов цеве вахъунев рукIарал 1950-60 саназ гьесулгун къеркьезда къел лъачIев чи хутIун ватиларо. Хадубккун анкьцIул дунялалъул чемпионлъун ва лъабцIул олимпиялъул чемпионлъун вахъарав Александр МедведитIаги чIел босана жиндир заманалъ Суракъатица. Гьелъие хIужжалъун буго 1957 соналъ тIолго Союзалъул «Буревестник» абураб централияб спортивияб гIуцIиялъул первенствоялда бакIаб цIайиялъул бищун лъикIал спортсменазе шапакъатал кьолел бакIазда гьабураб архивалъул сурат - Суракъат эхетун вуго пьедесталалъул чемпионасул бакIалда, Александр Медведь лъабабилеб бакIалда.

Институт лъугIун хадуб гIолохъанав Суракъат восана аспирантураялде историялъул ва литератураялъул Институталде. Гьесул гIелмиял хIалтIабазул нухмалъулевлъун вукIана нилъер ракьцояв, профессор, генерал-майор Могъохъа ХIажимурад ГIумарович Хашаев. Гьесие ХIажимурад Хашаевас тIадегIанаб къимат кьолаан. 7 соналъ гьенивги хIалтIун, хадув гьев тIамуна ДГУялда, Дагъистаналъул тарихалъул кафедраялъул нухмалъулевлъун.



Бакъулъ Суракъат Асиятилов, гьесдаса квегIидехун Александр Медведь

КIудияб бутIа лъуна Асиятиловас ислам бацIцIад цIуниялъеги, вагьабизмаялде данде къеркьеялъеги. Исламалъул щуабилеб рукну тIубан - хIеж борхарав, Суракъат Асиятилов вукIана имам бугевлъун, ислам цебетIеялъе хIаракат гьабулевлъун. Гьев ккола «О запрете ваххабизма и иной экстремистской деятельности на территории Республики Дагестан» абураб къанун бахъиялъе квербакъаразул цоявлъун. Гьединго, Суракъатица кIудияб кумек гьабуна Дагъистаналъул школазда гIараб мацI тIибитIизабиялъеги. 1990 соналъ Дагъистаналъул исламияб партия (ДИП) гIуцIиялъе кьучI лъуразул цоявлъун вукIана Суракъат. 1994 соналъ иргадулаб гуреб Дагъистаналъул исламияб партиялъул съездалда ДИПялъул бетIерлъун вищана Суракъат Асиятилов.

Кинаб борхалъиялде ваханиги Суракъатил гIамалалъулъ тIерхьинчIо гIаданлъи, унго-унгояв инсанасул хасият. Гьесул букIинчIо рикIкIен гIемераб охранаги, амма рагIабазулъ бугеб гучалъ данде гьарулаан нус-нус азарилал. Суракъатица киданиги лъиениги бетIер къуличIо ва лъиданиги хIелун кIалъачIо. Гьесул букIараб политикияб ва гIаданлъиялъул цIайиялде вахинчIо цонигияв. 19 соналъ жиндиего щвараб мандат Суракъатица хIалтIизабуна халкъалъе гIоло, гIадамазул къваригIелал, гьезул унти, ургъелал, хьулал загьир гьабизелъун. Гьес жиндаго бажарарабщинаб гьабулаан гIадамазул къваригIелал тIуразаризе, гьезие кумек гьабизе. ЦIияб ГIураде газ бачун лъугIизабуна, къелдерил кьо бана, лъугIизабуна ГIурадаса ТIидибе ва ЩегосаЛъанубе кьоял ран, дагъбашдерил нухал къачIана. Суракъатил хIаракаталдалъун нилъер районалъе кьуна Шамил имамасул цIар.



2011 абилеб соналъул 14 апрелалда Суракъат ватIалъана гIумруялдаса. Гьесдехун бугеб халкъалъул рокьи бихьулеб букIана тазияталде рачIарал рикIкIен гIемерал гIадамаздаса. Суракъат ракIалде щвеялъе санайил республикаялъул даражаялда тIоритIула гугариялъул ва волейболалъул къецал. Исана Суракъат ХIавалович гьавуралдаса 90 сон тIубаялъе нилъер районалда тIобитIизе буго кIудияб тадбир. Гьелъул хIакъалъулъ материал хадусеб номералда кьезе буго.

**Давуд ДАВУДОВ**

## ЧIАГОЯБ КЬУРУ ГIАДАВ ГIУРАДАСА СУРАКЪАТ

*Дагъистан-дунялалда*
*РагIизабураб миллат!*
*Дур цо мегIер гIадинав,*
*Ун рагIула Суракъат...*
*Нилъер къадру, нилъер асс,*
*Нилъер чIухIи, чIагоlъи-*
*ЧIагояб кьуру гIадав,*
*ГIурадаса Суракъат!*

*Къваридго йиго дунги,*
*Довгун чанги елъарай...*
*Ралъад гIадин гьелчолев,*
*Досул гIамал бокьулей:*
*ГIагараб дир халкъалъе*
*Дов гьечIого гIоларин,*
*Дос гIадин, нилъ рихарал*
*Рихьизе гьаруларин;*

*Гьагъаб ХъахIаб рокъовги*
*Нилъер къед - дов вукIанин,*
*МагIарул нартав гIадав,*
*Дов гьечIони, нилъ щалин?*
*Шагьаралда рагIулеб*
*Ругьунаб гьаракьалъул,*
*Дов рагIаницин гIолел*
*Нилъер рагIи лъихъ бугин?*

*Нилъер Дагъистаналъул*
*Байрахъ берцин гьабулеб,*
*Исламалъул гIаламат -*
*ГIурччинаб мухъ дос лъунин.*
*ГIагараб районалъе*
*Шамилил цIар кьезеги,*
*Иман хирияв досул*
*РагIул къуват бергьанин...*

*Кавказалъул рагъалъул*
*Бицен гьукъараб мехалъ,*
*Тарихчи Суракъатил*
*Байрахълъун гьеб букIанин.*
*Аллагьасукъа гурев*
*ХIинкъуларев гьидалъев-*
*Гьимулаго бачIунеб*
*Букъараб зар вукIанин.*

*Парламенталда гъорлъги*
*Гьаракулалъ бицунев,*
*Гъоркьа тIаде гурони,*
*Жиндихъ ралагьуларев...*
*Унго, мун вукIарав чи!*
*ХутIичIо гьединав чи!*
*Мун гIадинал гьечIони,*
*Гьал чагIазул пайда щиб?!*

*Миллаталъул мугъчIвалеб,*
*Ахирисеб къед гIадав,*
*ГIурадаса Суракъат,*
*Тарихалде ана мун!*
*Дуца гIодов лъурасги,*
*Дуца щекъер ккурасги,*
*Адаб течIев Суракъат,*
*РитIухълъи бергьана дур!*

*Баркала дуе кьураз,*
*Дур кумекалъ гьимараз,*
*Гьабурабщинаб дугIа*
*Къабул гьабун батаги!*
*Баракатаб ссиялъул,*
*Сахаватаб гIумрудул,*
*ГIурадаса Суракъат,*
*Дур мунагьал чураги!*

**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА**

## ■ ЗИГАРА

# МухIамадова ГIашура Мусаевна



Дагъал церегIан къояз захIматаб унтудаса хадуб Аллагьасул къадаралде щвана 42 соналъ дояркалъи гьабурай захIматалъул ветеран, Ленинил орденалъул бетIергьан, ТIасабакълъухъ росулъа МухIамадова ГIашура Мусаевна.

МухIамадова ГIашура гьаюна 1937 соналъ. ГIагараб росулъ гьелъ лъугIизабуна анкьго сонилаб школа. Гьелдаса хадуб гьелъ байбихьана колхозалда хIалтIизе. ХIалтIана Кочубеялъул зонаялда бугеб гIагараб росдал колхозалда дояркалъун, хадуй пенсиялде инегIан хIалтIана «Советский» совхозалда.

1965 соналъ, СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул Указалда рекъон, гьелъие кьуна Ленинил орден. Указалда хъван бугоан «За высокие показатели по развитию сельскохозяйственного производства, особенно по надою молока». Ленинил орденалъе гьей мустахIикълъана гIумруялъул 28 сон бараб мехалъ.

Районалъул нухмалъулезги гьабулаан гьелъул адаб. МухIамадова ГIашура йикIана гIолохъанал дояркабазул насихIатчIужу.

КПССалъул райкомалъ ва райисполкомалъ гьелъие кьуна рикIкIен гIемерал къиматал сайигъаталги.

Районалъул тарихалда жаниб ГIашура Мусаевна ккана тIоцее гьединаб къимат тIокIаб шапакъаталъе мустахIикъайлъун.

ГIашурал тIолабго гIагарлъиялда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьей лъикIай инсан нилъедаса ятIалъиялда бан. Аллагьас киназего сабру кьейги, Алжаналда данде гьареги.

**ТIасабакълъухъ росдал СПКялъул коллектив ва районалъул ветераназул Советалъул президиум**




## ■ ПРОКУРАТУРА ИНФОРМИРУЕТ

### Исполнение органами местного самоуправления законодательства в сфере закупок

Прокуратурой Шамильского района в ходе проверки соблюдения законодательства о контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения муниципальных нужд в деятельности администраций муниципальных образований района выявлены нарушения.

В частности, ходе проверки, в том числе мониторингом официального сайта zakupki.gov.ru, установлено, что не всеми администрациями сельских поселений в установленном порядке исполняются требования законодательства о контрактной системе в сфере закупок, как в части составления план- графиков, так и соблюдения сроков его утверждения, соответственно многими сельскими администрациям своевременно на 2022 г план –графики не размещены на официальном сайте в сети Интернет.

Между тем, статьей 16 Федерального закона от 05.04.2013 N 44-ФЗ (ред. от 08.06.2020) "О контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных и муниципальных нужд "О контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных и муниципальных нужд», что планирование закупок осуществляется посредством формирования, утверждения и ведения планов-графиков. Закупки, не предусмотренные планами-графиками, не могут быть осуществлены. Поскольку указанные нарушения в свою очередь могут привести к неэффективному использованию бюджетных средств, а также к злоупотреблениям со стороны должностных лиц органов местного самоуправления, прокуратурой района в адрес 5-ти глав с/п внесены представления об устранении нарушений законов.

### Полномочия органов местного самоуправления в сфере использования и охраны земель.

Прокуратурой Шамильского в рамках организационно- распорядительных документов Генеральной прокуратуры РФ проведена проверка соблюдения органами местного самоуправления района земельного законодательства, в том числе законодательства в сфере организации и ведения муниципального земельного контроля.

Проверкой установлено, что несмотря на ранее принятые меры прокурорского реагирования администрацией района, а также администрациями с/п Шамильского р-на не приняты все предусмотренные законом меры по организации и ведению муниципального земельного контроля.В частности, многими сельскими поселениями не разработаны и не реализуются Программы использования и охраны земель. В нарушении требований ст. 72 Земельного Кодекса РФ при осуществлении муниципальным земельного контроля выявленные нарушения земельного законодательства в установленном порядке не всегда актируются и принимаются по ним меры, что приводит к снижению эффективности и результативности функции земельного контроля

В целях устранения допущенных нарушений прокуратурой района в порядке ст. 39 Кодекса административного судопроизводства РФ в суд направлены иски об обязании органы местного самоуправления устранить отмеченные нарушения.

Иски прокурора удовлетворены в полном объеме и в настоящее время практически всеми муниципальными образованиями района приняты соответствующие Программы использования и охраны земель.

Нарушения в сфере ЖКХ и бюджетного законодательства и меры по их устранению

Прокуратурой района проведена проверка соблюдения бюджетными организациями района требований законодательства в сфере ЖКХ, а также бюджетного законодательства.

В ходе проверки выявлены факты не соблюдения многими образовательными организациями района требований законов в указанных сферах.

Так, некоторые бюджетные организации имеют крупную задолженность по оплате за электроэнергию, а другими осуществлена переплата за потребленную электроэнергию. Указанные действия руководителей образовательных организаций повлекли как нарушения бюджетного законодательства, так и нарушения законодательства в сфере ЖКХ.

Обязанность по своевременно оплате поставленной электроэнергии предусмотрена ст. 544 ГК РФ, ФЗ «Об электроэнергетике», иными подзаконными актами, в том числе и договором энергоснабжения.Ответственность потребителя за несвоевременную оплату электроэнергии предусмотрена ст. 547 ГК РФ. Сохраняющаяся задолженность по оплате за потребленную электроэнергию со стороны юридических лиц может привести к ограничению подачи электроэнергии либо его отключению. Вместе с тем, несоблюдения установленных лимитов потребления электроэнергии, то есть переплата за потребленную электроэнергию квалифицируется согласно ст. 34 Бюджетного кодекса РФ как неэффективное использованием бюджетных средств.

С учетом изложенного, в целях устранения допущенных нарушений прокуратурой района в адрес руководителей организаций, допустивших такие нарушения внесены представления об устранении нарушений законов.

Приведение уставов муниципальных образований в соответствие с действующим законодательством - требования закона.

Проведенной прокуратурой района проверкой соблюдения органами местного самоуправления Шамильского района законодательства, регулирующего муниципальное нормотворчество установлено, что многими администрациями сельских поселений районадопускаются нарушения требований Федеральных законов «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ» и «О государственной регистрации уставов муниципальных образований». В частности, уставы с/п своевременно, в предусмотренный законом 6-ти месячный срок после внесения изменений в федеральное законодательство, не приводятся в соответствие с действующим федеральным законодательством, также выявлены факты не своевременного решений о внесении изменений в уставы сельских поселений. Также в нарушении требований ФЗ «О госрегистрации уставов МО» сведения об источниках и о дате официального опубликования устава и решений о внесении изменений в устав в Управление Министерства юстиции РФ по РД для регистрации своевременно не направляются.

В целях устранения указанных нарушений прокуратурой района главам сельских поселений внесены представления об устранении нарушений законов, также направлены предложения о приведении уставов МО в соответствие с действующим законодательством.

О результатах надзорной деятельности прокуратуры района в сферах муниципальной собственности, жилищно-коммунального хозяйства, защиты прав инвалидов

Прокуратурой района проведена проверка по информации Министерства промышленности и энергетики Республики Дагестан, исполнения законодательства в сфере электросетевого комплекса.

Установлено, что на территории сельских поселений района расположены объекты электросетевого хозяйства, которые не имеют собственника и являются бесхозными, у какой-либо сетевой организации на обслуживании, а также в реестре муниципального имущества поселений не находятся.

По результатам проверки выявлены нарушения требований Федерального закона от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федерального закона от 23 ноября 2009 г.№ 261-ФЗ «Об энергоснабжении и о повышении энергетической эффективности и о внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» и Федерального закона от 26.03.2003 N 35-ФЗ «Об электроэнергетике».

***

По результатам проверки прокуратурой района в Шамильский районный суд направлено 10 административных исковых заявления о понуждении администраций сельских поселений в установленном порядке провести мероприятия по постановке на учет бесхозяйных недвижимых объектов электросетевого хозяйства. Прокуратурой района проведена проверка исполнения органами местного самоуправления Шамильского района в сфере жилищно – коммунального хозяйства, в части размещения в государственной информационной системе жилищно-коммунального хозяйства информации в соответствии с законодательством Российской Федерации.

В ходе мониторинга государственной информационной системы жилищно-коммунального хозяйства (далее - ГИС ЖКХ) выявлены отдельные нарушения законодательства в сфере жилищно-коммунального хозяйства в деятельности администраций сельских поселений.

Так, ч. 1 ст. 6 и ч. 16 ст. 7 Федерального закона от 21.07.2014 209-ФЗ «О государственной информационной системе жилищно-коммунального хозяйства» установлены порядок и виды информации размещаемой в системе органами местного самоуправления.

Однако проверка показала, что указанные требования действующего законодательства соблюдаются не всеми администрациями сельских поселений, информация, подлежащая обязательному размещению в ГИС ЖКХ, отсутствует.Принимая во внимание изложенное, необходимо отметить, что факт не размещения информации в соответствии с законодательством Российской Федерации в ГИС ЖКХ администрацией сельского поселения нарушает права неопределенного круга лиц на своевременный доступ к информации в сфере жилищно-коммунального хозяйства.По результатам проверки прокуратурой района в Шамильский районный суд направлено 4 административных исковых заявления о понуждении администраций сельских поселений, разместить в государственной информационной системе жилищно-коммунального хозяйства информацию в соответствии с законодательством Российской Федерации.

* **

Во исполнение организационно-распорядительных документов прокуратуры республики прокуратурой района проведена проверка в сфере защиты прав инвалидов на территории Шамильского района.

По результатам проверки выявлены нарушения требований ч. 1, ч. 9 ст. 15 Федерального закона от 24.11.1995 № 181-ФЗ «О социальной защите инвалидов».

Так, проверка показала, что не во всех помещениях ГБУ РД «Шамильская ЦРБ» предусмотрена возможность входа и выхода для инвалидов с нарушениями функций опорно – двигательного аппарата, отсутствуют парковочные места для специальных автотранспортных средств инвалидов.

По результатам проверки прокуратурой района в адрес главного врача ГБУ РД «Шамильская ЦРБ» внесено представление об устранении нарушений законодательства.

**Прокурор района** **И.М. Исмаилов**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
**П.Ш. МухIамадова**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
**П.Гь. Жамалудинова**

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
**Д.Давудов**
**ТI. МухIамадов**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
**П. ГьитIинова,**
**М. Гъазалиев,**
**Ш. Абакаров,**
**М. ГъазимухIамадов.**

**НАБОР**
**М. ГьитIиномухIамадовалъул**

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
**Марьям ГIисаевалъул**

**Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.**
**Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru**

**Издателасул ва редакциялъул адрес:**
**РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу**
**Имам Шамилил къватI 50**